


**ZOSE KUTI
MNARI
AKUDZWE**





(1 VaKorinte 10:31)
"Naizozo, kana
mucidya, kana
mucinwa, kana
muciita cinhu cipi
necipi, itai zose kuti
Mnjari akudzwe"

Kutanga na 1 VaKorinte 7, Pauro anozvitsaurira amene kupindura
nhevedzano yemibvunzo iyo vaKorinte akanga amutumira netsamba
(1 VaKo. 7:1a).

Nemhaka yeizvi, kunyange zvazvo zvitsauko 8 kusvika ku10
zvichinyanya kutaura nezvekunamata zvifananidzo, Pauro
anopinzamo dzimwe nyaya dzisingataridzike kuva
nehukama nechivi chekunamata zvifananidzo .

Zvisinei, anoedza kuisa pfungwa huru inobatanidza misoro
yose yenyaya: rudo neruremekedzo rwevanhu kune mumwe
nemumwe, izvo zvinofanira kutungamirira sangano kuva
nehumwe.

Pamwe chete nepfungwa iyi, Pauro anosimbisa kukosha
kwekuti zvinhu zvose zvinoitwa musangano, kana
muhupenyu hwemunhu pachake, zviitirwe kukudzwa
kwaMwari.



1 VaKorinte 8

Zekudya zakaabayirwa zifananidzo
(Ruzivo nerudo)

1 VaKorinte 9

Pauro anosiya kodzero dzake
(Kodzero dzeEvhangeri)

1 VaKorinte 10:1-13

Nyevero pamusoro pokunamata zvifananidzo
(Zvidzidzo kubva kare)

1 VaKorinte 10:14-22

Mukombe waShe nemukombe wemadhimoni
(Tizai kunamata zifananidzo)

1 VaKorinte 10:23-33

Itai zose kuti Mhari akudzwe
(Zvinotenderwa uye zvakakodzera)

RUZIVO NERUDO

1 VaKorinte 8 (Zekudya zakabayirwa zifananidzo)

“Kuziva kunobuyisa kuzikudza, asi rudo runosimbisa.” (1 VaKorinte 8:1b)

Pauro “anoparadzanisa” sangano kuita mapoka maviri: “vanesimba” ne“vasina simba”.

**1 VaKorinte
8:4-7a**

**Vane simba vanonzwisisa kuti zvidhori
hazvina maturo, nekuti kune Mwari
mumwe chete wechokwadi**

**Vasina simba havati
vanzwisisa pfungwa iyi.**

**1 VaKorinte
8:7b**

**Vane simba vanodya zvokudya zyakabayirwa
zvifananidzo nekuti vanoza kuti zvifananidzo
hazvigoni kusvibisa zvokudya izvozvo**

**Vasina simba vanotenda kuti
vanotadza kana vakadya
zvokudya izvozvo**

**Asi avo vane simba, kuburikidza neruzivo rwavo nemuenzaniso wavo,
vanogona kukonzera kuti vasina simba vagumburwe (1 VaKorinte 8:10). Nekuda
kwerudo rwaanaro kuhama yake, munhu ane simba anofanira kuzvidzora (1
VaKorinte 8:11-13).**

**MaKristu anofanira kuisa rudo pamberi peruzivo kana ruzivo rwacho
ruchigona kuva chigumbuso kuhama “isina kusimba” (iri mukukura).**



KODZERO DZEEVHANGERI

1 VaKorinte 9 (Pauro anosiya kodzero dzake)

"Saizozo vo Ishe wakaraira kuti vanoparidza Evangeri, vararame neEvangeri." (1 VaKorinte 9:14)

Pauro akasiya kodzero dzinosvika nhatu nekuda kwerudo rwaaitira vasina simba:



* Kodzero yekupiwa chikafu nesangano(1 VaKo. 9:4)

➤ Pauro anosiya kodzero yake seapostori yekutsigirwa nemasangano aanoshumira, sezvaitwa nevamwe vaapostori.



* Kodzero yekuperekedzwa nemudzimai wake (1 VaKo. 9:5)

➤ Tsika yaiwanzoteverwa nevaapostora yaiva yekufamba nevakadzi vavo kuitira kuvatarisira nekubatsirwa navo mubasa ravo rouushumiri. Mukadzi uyu, sezvakaita murume wake, aiva nekodzero yekutsigirwa nesangano.



* Kodzero yekurega kubata basa(1 VaKo. 9:6)

➤ Pauro anoda kuzviraramisa nenzira yake kuitira kuti vanhu vasafunge kuti ari kuda kutora mukana kubva kuvanhu vaanoparidzira, uye kuti avaratidze muenzaniso wekusazvifunga.

Kunyange zvazvo Jesu akajekesa kuti vaya vanoparidza vhangeri vanofanira kurarama kubva muvhangeri, Pauro naBhanabhasi vakazvisiya vachida kuti vasavhiringidza vatendi(1 VaKo. 9:12-14; Rk. 10:7).


ZVIDZIDZO KUBVA KARE

1 VaKorinte 10:1-13 (Nyevero pamusoro pokunamata zvifananidzo)

"Imi regai kunamata zifananidzo, savamhe vavo; sezazakanyorwa, zicinzi: 'Uanhu vakagara pasi pakudya nokunwa, vakamuka kuti vatambe' " (1 VaKorinte 10:7)




Chiitiko cheKubuda kweValsiraeri muljipita, kana chikatariswa nenzira yemweya, chakafanana nerwendo rwedu. Kuyambuka gungwa kwakafanana nesungano yedu yerubhapatidzo(1 VaKo. 10:1-2).

Zvokudya nezvinwiwa zvavakatora murenje zvakafanana nekutora kwatinoita Chirairo chaShe, apo patinodya nekunwa—pamweya—muviri neropa raJesu (1 VaKo. 10:3-4).



Ngwarirai! Kunyange zvazvo vaiva neruzivo, valsiraeri vakawira muzvivi zvikuru, zvinosanganisira kunamata zvidhori uye unzenza. Ngatisarega chinhu chakadaro chichiitika kwatiri! (1 Vakorinte 10:5-10).

Naizvozvo, muapostora anopedzisa chikamu chino nemazano ane simba: “Naizozo, unoti ndinomira, ngaacenjere kuti arege kuwa.” (1 VaKo. 10:12).



TIZAI KUNAMATA zIFANANIDZO

1 VaKorinte 10:14-22 (Mukombe waShe nemukombe wemadhimoni)

"Naizozo, vadikanwa vangu, tizai kunamata zifananidzo." (1 VaKorinte 10:14)




Kana zvokudya zvakabayirwa zvifananidzo zvichigona kudyiwa pasina kunetseka, sei Pauro achiita seari kurambidza izvozvo mubhuku ra1 VaKorinte 10:20?

Zvinhu zvakasiyana kudya zvokudya kumba usina mhosva yepfungwa, uye kuita saizvozvo panguva yemhemberero yeruzhinji apo panenge pachinamatwa zvifananidzo. Nekupinda mumhemberero dzakadai, mutendi anenge achiramba kutenda kwake uye achigamuchira kunamata zvifananidzo.

Kuburikidza nekugamuchira Chirairo chaTenzi, tinova nhengo dzemuviri waKristu (chechi), asi nekutora chikamu mumitambo yekunamata zvifananidzo, tinobatanidzwa nemadhimoni.(1 VaKo. 10:16-20).

Hatingakwanisi kunwa mukombe weChirairo chaTenzi, tichirumbidza Jesu, uye panguva imwe cheteyo tichinwa kubva mumukombe unokudza madhimoni (1 VaKo. 10:21).



ZVINOTENDERWA UYE ZVAKAKODZERA

1 VaKorinte 10:23-33 (Itai zose kuti Mhari akudzwe)

“Naizozo, kana mucidya, kana mucinwa, kana mucita cinhu cipi necipi, itai zose kuti Mhari akudzwe.” (1 VaKorinte 10:31)


“Ndakatenderwa zvinhu zose; asi zose hazindibatsiri” (1 VaKorinte 10:23).

Mienzaniso miviri yakajeka:



Chitoro chenyama chaitengeswa nyama yakanga yambopiwa sezvibayiro kuzvifananidzo pamwe chete nenyama yakanga isina kudaro. Mutendi aisafanira kubvunza nezvekwakabva nyama yacho, kuitira kuti asaratidzike sekunge anoiona seisingabvumirwi kudyiwa (1 VaKo. 10:25).

Munhu asingatendi akakoka mutendi kuzodya. Mutendi wacho akadya pasina mubvunzo (sezvo zvinhu zvose zvichibvumirwa kwaari). Asi muridzi wemba akataura kuti nyama yacho yakanga yambopiwa kuchifananidzo. Naizvozvo, kuitira kusagumbura hana yemuridzi wemba, zvakaonekwa kuti zvakanga zvisina kufanira kuti mutendi adye nyama iyoyo (1 VaKorinte 10:27-29).



Pane nheyo mbiri dzinokosha dziri pasi pemirayiro iyi: kurumbidza Mwari muzvinhu zvose (1 VaKorinte 10:31); uye kutsvaga zvakanakira vamwe (1 VaKorinte 10:24, 32)

Kureva kuti, kuda Mwari kupfuura zvinhu zvose uye kuda muvakidzani wako sezvaunozvida iwe pachako (sezvakangoita Jesu pakukumbira jaya mupfumi).

“Muapostora akakurudzira vaKorinte achiti, "Naizozo, unoti ndinomira, ngaacenjere kuti arege kuwa." vakazvikudza uye kuvimba nesimba ravo pachavo, vachiregeredza kurinda nekunyengerera, vaizowira muzvivi zvinorema, vozvidanira hasha dzaMwari pamusoro pavo. [...]

Pauro akakurudzira hama dzake kuti dzizvibvunze kuti mashoko adzo nezviito zvadzo zvaizokanganisa sei vamwe, uye kuti dzisaita chinhu chipi zvacho—kunyange chichiita sechisingakuvadzi—chaizoratidzika sekutsigira kunamata zvifananidzo kana kugumbura hana dzeavo vasina kusimba pakutenda. "Naizozo, kana mucidya, kana mucinwa, kana muciiita cinhu cipi necipi, itai zose kuti Mhari akudzwe. Regai kugumbusa kana vaJuda, kana vaGiriki, kana kereke yaMhari."-Non-Official translation by Gift Mawoyo

EGW (The Acts of the Apostles, p. 316)